# Nan Jou Vizit (Videyo) Telesante Ou a

Pwochen vizit oumenm oswa pitit ou a avèk Nationwide Children's Hospital ap fèt atravè telesante pandan w ap itilize videyo Zoom ak kont MyChart ou a. Telesante pèmèt nou ede oumenm ak pitit ou a san yon vizit an pèsòn.

Bagay ou pral bezwen anvan vizit videyo ou a:

1. MyChart: Yon kont MyChart tanporè oswa aktif ak teknoloji pou jwenn aksè avèk li. Gade lyen sa a pou plis enfòmasyon sou MyChart: https://www.nationwidechildrens.org/family-resources-education/mobile-apps/mychart
2. Aplikasyon Zoom: si w ap itilize telefòn entèlijan ou.
3. Òdinatè ki gen kamera ak mikwofòn: si w ap itilize òdinatè ou.

**Si ou pa gen aksè ak bagay sa yo, vizit la p ap fonksyone.**

## Seksyon I – Itilize òdinatè w la pou vizit videyo ou a

**Si w ap itilize telefòn entèlijan ou, ale nan Seksyon II.**

Depi ou gen yon randevou videyo, prepare w pou vizit la.

**Mande yon kont MyChart** si ou poko genyen youn. Ale sou https://mychart.nationwidechildrens.org/MyChart/publicforms.asp?mode=showForm&formname=ActivationReq

Nan jou vizit ou a, **konekte ak kont MyChart ou a 15-30 minit anvan lè vizit la.**

**Pou gen aksè ak kont MyChart ou a** ale nan. https://mychart.nationwidechildrens.org/MyChart

Aprè w fin lanse kont ou an, klike sou non w/non pitit ou a, klike sou **ECHECK-IN (ENSKRIPSYON ELEKTWONIK)**



Tou depann de ki tip kont MyChart ki te kreye pou ou, premyè paj la ap montre **enfòmasyon pèsonèl**. Tanpri li l ak anpil atansyon pou asire w li kòrèk. Si li kòrèk klike sou




Si li pa kòrèk klike sou **EDIT (MODIFYE)** pou mete l ajou.




*Kesyon yo poze souvan - Dat nesans:*

- *Si w ap bay yon paran oswa yon responsab legal aksè ak kont MyChart ou a, itilize dat nesans yo*
- *Si se pou jwenn aksè nan pwòp dosye ou, itilize dat nesans ou*

Aprè w fin fè nenpòt mizajou klike sou




Aprèsa klike sou



Pwochen ekran an konsène **Fòm Konsantman** ou yo. Fòm sa yo pèmèt nou fè vizit sa a avèk ou.

W ap bezwen li epi **SIGN (SIYEN)** chak fòm ki disponib pou siyen.




Fòm nan ap ranpli otomatikman.

Klike sou **Next button (Pwochen bouton)** (li disponib sèlman aprè w fin siyen fòm apwopriye yo)




Pwochen ekran an konsène **asirans**.

Tanpri li l ak anpil atansyon pou asire w li kòrèk. Si li kòrèk klike sou



Si li pa kòrèk, klike sou **Update Coverage (Mete Ajou Asirans)** oswa **Remove Coverage (Siprime Asirans)**




Si w pa gen enfòmasyon sou asirans nan dosye oswa ou bezwen ajoute li, klike sou ajoute, jan sa endike anba




Pou telechaje kat asirans ou an:

1. Fè foto kat ou a avèk telefòn ou, voye li sou òdinatè ou.
2. Klike sou **Add Insurance Card Photos (Ajoute Foto Kat Asirans).** Telechaje foto.

Lè w fini, klike sou **SUBMIT (SOUMÈT)**



Kounya ou ka klike sou bouton ki di **Begin Video Visit** (**Kòmanse Vizit Videyo**).
**Bouton Kòmanse Vizit Videyo a ap fonksyone jiska 30 minit anvan lè randevou ou a)**




MyChart pral otomatikman ouvri Zoom avèk ID reyinyon kòrèk la lè w klike sou Bouton Kòmanse Vizit Videyo sa a nan MyChart.




W ap ka konekte sèlman lè pwofesyonèl swen sante a kòmanse sesyon ZOOM ou an.

Lè pwofesyonèl swen sante ou a prè, w ap wè yon bouton ki di **JOIN VIDEO (ANTRE SOU VIDEYO)**. Klike sou bouton an epi sesyon w lan ap kòmanse.

Konsèy: Si nan moman vizit ou a swa MyChart oswa Zoom pa fonksyone, eseye konekte sou òdinatè w la olye sou telefòn ou an oswa visevèsa.

## Seksyon II – Itilize telefòn entèlijan w lan pou vizit videyo ou a

**Si ou pa gen yon telefòn entèlijan sa p ap fonksyone.**

Depi ou gen yon randevou videyo, prepare w pou vizit la.

1. **Mande yon kont MyChart** si ou poko genyen youn. Ale nan https://mychart.nationwidechildrens.org/MyChart/publicforms.asp?mode=showForm&formname=ActivationReq
2. Telechaje aplikasyon **Zoom Cloud Meetings** nan sou telefòn ou.
3. Verifye li imedyatman pou asire w aplikasyon an te telechaje. Si w gen difikilte pou telechaje aplikasyon an, klike isit la pou jwenn konsèy ak astis sou **Zoom**. https://support.zoom.us/hc/en- us/articles/206175806-Frequently-Asked-Questions

4. **Pa ouvri aplikasyon Zoom nan lè w kòmanse vizit MyChart ou a**. MyChart pral otomatikman ouvri zoom avèk ID reyinyon kòrèk la pandan w ap enskri an.

Nan jou vizit ou a, **konekte ak kont ou an sou Aplikasyon MyChart la 15-30 minit anvan lè vizit la**.

Aprè w fin lanse kont MyChart ou an, klike sou non w/non pitit ou a, klike sou randevou epi







aprèsa klike sou **ECHECK-IN (ENSKRIPSYON ELEKTWONIK).**



Tou depann de ki tip kont MyChart ki te kreye pou ou, premyè paj la ap montre **enfòmasyon pèsonèl**. Tanpri li l ak anpil atansyon pou asire w li kòrèk. Itilize bouton modifye a pou chanje nenpòt enfòmasyon




Si enfòmasyon yo kòrèk koche ti bwat la epi klike sou **Next button (Pwochen bouton)**






W ap gen **konsantman** anliy pou konplete anvan vizit ou a. Ou dwe **review and sign (li epi siyen)** chak konsantman ki poko siyen.







Lè ou konplete yon fòm, klike sou **CONTINUE (KONTINYE)**




Yon fwa tout fòm yo siyen, klike sou bouton **NEXT (PWOCHEN)**



Pwochen ekran an konsène **asirans**. Tanpri li l ak anpil atansyon pou asire w li kòrèk.
Si li kòrèk, klike sou




Si li pa kòrèk, klike sou update **coverage (mete ajou asirans)** oswa **remove coverage (siprime asirans).** Si nesesè, klike sou **Add Insurance Card Photos (Ajoute Foto Kat Asirans),** fè yon foto kat asirans ou an epi l ap otomatikman ajou.



Yon fwa ou fin mete ajou oswa siprime enfòmasyon yo, klike sou bouton **this information is correct (enfòmasyon sa a kòrèk)**




Aprèsa klike sou bouton **SUBMIT (SOUMÈT)**




Lè w fin konplete tout etap sa yo ou pral wè parèt **eCheck-In Complete (Enskripsyon elektwonik konplete)**.



Aprè w fin konplete enskripsyon elektwonik la epi w fin siyen fòm nan, w ap wè yon bouton anba ki rele **Begin Visit (Kòmanse Vizit).** Bouton sa a ap disponib jiska 30 minit anvan lè vizit la.




Lè w klike sou li l ap dirije w nan sesyon Zoom nan.

Konsèy: Pa ouvri aplikasyon Zoom ou an lè w kòmanse vizit MyChart ou a. MyChart pral otomatikman ouvri Zoom avèk ID reyinyon kòrèk la pandan w ap enskri an.



Si pwofesyonèl swen sante w la poko rive nan sesyon an w ap wè yon ekran ki gen enfòmasyon reyinyon an jan sa endike pi wo a. Pa kite sesyon an. Pwofesyonèl swen sante a ap avèk ou nan yon ti tan. Li pa bliye vizit videyo ou a.

## Seksyon III

**Si yon paran oswa yon adolesan ki gen pwòp kont MyChart li vle antre nan apèl la aprè lòt la fin fè enskripsyon elektwonik la, swiv etap ki anba pou antre.**

Ale nan **Visits (Vizit),** aprèsa **Appointment and Visits (Randevou ak Vizit).**
Klike sou **DETAILS (DETAY)**






## Seksyon III

Si w gen nenpòt lòt vizit aprè w fin fè premyè enskripsyon elektwonik ou a, enfòmasyon yo ap rete valab pou 30 jou, epi w p ap bezwen fè enskripsyon elektwonik ankò. Ale nan **visits (vizit),** aprèsa **appointments and visits (randevou ak vizit).** Ale nan randevou epi klike sou **Details (Detay)**. Aprèsa klike sou **Begin Video Visit (Kòmanse Vizit Videyo)**.